## XI. KÁRXANALAR HÁM SHÓLKEMLER JUMISLARINIŃ ULÍWMA TÁRIYPI

Sońģı jıllarda húkimetimiz tárepinen mámleketti sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw, aktiv isbilermenlik, innovciyalıq ideyalar hám qurılısshılıq potencialın qollap-quwatlaw arqalı xalıqqa múnásip turmıs sharayatların jaratıw, isbilermenlik ortalıǵın jaqsılaw, bántlikti támiyinlew boyınsha keń kólemli jumıslar ámelge asırıp kelinip atır.

Atap aytqanda, kishi biznes hám jeke isbilermenlik mámleketimiz ekonomikasınıń tiykarǵı buwını esaplanıp, búgingi kúnde usı tarawdı jedellik menen rawajlandırıw, isbilermenler iskerligin qollap-quwatlaw, olardıń qatarın jáne de keńeytiw hám xoshametlew boyınsha keń kólemli jumıslar ámelge asırılıp atır.

Atap aytqanda, 2024-jıl 1-aprel jaǵdayına respublikada hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń sanı (fermer hám dıyqan xojalıqlarınan tısqarı ) 25 147 ni qurap, olardan kishi kárxana hám mikrofirmalar 21 275 ti quradı.

**Kárxana hám shólkemler tuwrısında ulıwma maǵlıwmatlar**
***fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı, 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte.***



**Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı,** *birlikte*

*(2024-jıl 1-aprel jaǵdayına)*

| Kárxana túri | Sanı |
|---|---|
| Juwapkershiligi sheklengen jámiyet | 16 574 |
| Shańaraq kárxanalar | 2 134 |
| Jeke kárxanalar | 2 241 |
| Akcionerlik jámiyetleri | 21 |
| Basqalar | 380 |

**Hárekettegi kárxana hám shólkemler ulıwma sanı,** *birlikte*
*(2024-jıl 1-aprel jaǵdayına)*

## Ekonomikalıq xızmet túrleri

| Xızmet túri | Sanı | Úlesi |
|---|---|---|
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 3 074 | 12,2 % |
| Sanaat | 3 301 | 13,1 % |
| Qurılıs | 1 808 | 7,2 % |
| Sawda | 7 493 | 29,8 % |
| Tasıw hám saqlaw | 972 | 3,9 % |
| Jasaw hám awqatlanıw | 1 342 | 5,3 % |
| Informaciya hám baylanıs | 492 | 2,0 % |
| Den sawlıqtı saqlaw hám social xizmet kórsetiw | 489 | 2,0 % |
| Basqa túrler | 6 176 | 24,5 % |

## Jańadan ashılǵan kishi biznes subyektleri haqqında maǵlıwmatlar

*(2024-jıl yanvar-mart jaǵdayına tiykar, birlikte)*

### Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha

Jańadan ashılǵanlardıń háreketlegi kárxanalarǵa qatnası (% te)

| Ekonomikalıq xızmet túri | Sanı | Jańadan ashılǵanlardıń háreketlegi kárxanalarǵa qatnası (% te) |
|---|---|---|
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 140 | 2,6 % |
| Sanaat | 170 | 2,7 % |
| Qurilish | 50 | 1,7 % |
| Sawda | 311 | 2,7% |
| Tasıw hám saqlaw | 30 | 2,0 % |
| Jasaw hám awqatlanıw | 50 | 2,2 % |
| Informaciya hám baylanıs | 70 | 12,3 % |
| Den sawlıqtı saqlaw hám Sociallıq xizmet kórsetiw | 23 | 4,1 % |
| Basqa túrler | 87 | 2,5 % |

### Jańadan ashılǵan kishi biznes subyektleri

*(yanvar-mart jaǵdayına tiykar, birlikte)*

**Jıllar kesiminde**




*Jańadan ashılǵanlardıń háreketlegi kárxanalarǵa qatnası (payızda)*




2024-jıl yanvar-mart ayında jańadan ashılǵan kishi biznes subyektleri sanı 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda informaciya hám baylanıs – 54 ten 70 ke (ósiw 16 ǵa) kóbeydi.

## Hárekettegi awıl, toğay hám balıqshılıq xojalığı tarawındağı kárxana hám shólkemler

*(2024-jıl 1-aprel jağdayına tiykar, birlikte)*

### Rayonlar kesiminde

| | |
|---|---|
| Nókis q. | 127 |
| Ámiwdárya | 372 |
| Beruniy | 269 |
| Bozataw | 118 |
| Qaraózek | 121 |
| Kegeyli | 167 |
| Qońırat | 173 |
| Qanlıkól | 165 |
| Moynaq | 128 |
| Nókis | 327 |
| Taqıyatas | 94 |
| Taxtakópir | 108 |
| Tórtkúl | 317 |
| Xojeli | 142 |
| Shımbay | 178 |
| Shomanay | 104 |
| Ellikqala | 164 |




Ózbekstan Respublikasında mámlekettiń azıq-awqat qáwipsizligin támiyinlewge qaratılğan awıl xojalığın rawajlandırıwdıń tereń oylanğan strategiyası izbe-iz ámelge asırılıp atır.

Mámleketimiz ekonomikalıq jáne social reformalarınıń zárúrli strukturalıq bólimlerinen biri miywe-palız eginleri jetistiriwge qaratılğan. Bunday jantasıw xalıq mútajliklerin tolıq támiyinlew, olardıń salamatlığın saqlaw hám bántlik shárt-shárayatların jaratıwda tiykarğı jónelislerden birine aylandı.

Balıq tutıw hám akvakultura




Toğayshılıq hám ağash tayarlaw

Dıyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám bul tarawlarda xızmet kórsetiw

**Sanaat tarawında hárekettegi kárxana hám shólkemler haqqında maǵlıwmatlar** *(2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte)*

**Rayonlar kesiminde**

| | |
|---|---|
| Nókis q. | 628 |
| Ámiwdárya | 343 |
| Beruniy | 255 |
| Bozataw | 44 |
| Qaraózek | 158 |
| Kegeyli | 98 |
| Qońırat | 240 |
| Qanlıkól | 79 |
| Moynaq | 125 |
| Nókis | 94 |
| Taqıyatas | 122 |
| Taxtakópir | 105 |
| Tórtkúl | 321 |
| Xojeli | 190 |
| Shımbay | 156 |
| Shomanay | 59 |
| Ellikqala | 284 |




Sanaat tarmaǵı ekonomikalıq tarmaqlar ishinde eń joqarı potencialǵa iye bolǵan tarmaqlardan esaplanadı. Sońǵı úsh jıl ishinde iskerlik kórsetip atırǵan sanaat kárxanaları sanınıń ósiw páti 102,5 % ti quradı.

Sanaat kárxanaları sanı jámi kárxana hám shólkemlerdiń 13,1 % úlesin quradı. Sonnan – 91,9 % úlesin islep shıǵarıw sanaatı (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósiw 98,3 %); 4,8 % úlesin taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew (ósiw 103,3 %), 2,6 % úlesin suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw (ósiw 123,2 %) hám 0,7 % úlesin elektr, gaz puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw (ósiw 92,6 %) quraǵan.



**Qurılıs iskerligi menen shuǵıllanıp atırǵan kárxana hám shólkemler haqqında maǵlıwmatlar**

*(2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte)*

**Rayonlar kesiminde**

| | |
|---|---|
| Nókis q. | 782 |
| Ámiwdárya | 80 |
| Beruniy | 88 |
| Bozataw | 18 |
| Qaraózek | 46 |
| Kegeyli | 46 |
| Qońırat | 83 |
| Qanlıkól | 33 |
| Moynaq | 33 |
| Nókis | 82 |
| Taqıyatas | 56 |
| Taxtakópir | 19 |
| Tórtkúl | 152 |
| Xojeli | 99 |
| Shımbay | 49 |
| Shomanay | 25 |
| Ellikqala | 117 |




Ózbekstanda qurılıs sanaatı ekonomikanıń joqarı turatuǵın tarmaǵı retinde belgilengen. Qurılıs sanaatınıń baǵdarları boyınsha ótkerilgen analiz sonı kórsetedi:

- ımáratlar hám imáratlar qurıw baǵdarı 55,7 % úlesti qurap, ósiw páti ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 96,6 % ke asqan ;
- puqaralıq obyektlerin qurıw baǵdarı 16,0 % úlesti qurap, ósiw páti ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 102,5 % ke asqan ;
- qánigelestirilgen qurılıs jumısları baǵdarı 28,3 % úlesi hám 103,0 % ósiw pátin quradı.



**Sawda tarawında hárekettegi kárxana hám shólkemler haqqında maǵlıwmatlar**

*(2024- jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte)*

**Rayonlar kesiminde**

| | |
|---|---|
| Nókis q. | 2 034 |
| Ámiwdárya | 645 |
| Beruniy | 692 |
| Bozataw | 53 |
| Qaraózek | 149 |
| Kegeyli | 197 |
| Qońırat | 409 |
| Qanlıkól | 179 |
| Moynaq | 177 |
| Nókis | 165 |
| Taqıyatas | 252 |
| Taxtakópir | 103 |
| Tórtkúl | 908 |
| Xojeli | 419 |
| Shımbay | 363 |
| Shomanay | 177 |
| Ellikqala | 571 |




Analizler sonı kórsetedi, respublikada háreket etip atırǵan hár úshinshi kárxana sawda tarawında iskerlik júrgizedi, olardıń 99,9 % i yamasa 7 493 kishi biznes subyektlerine tuwrı keledi.

Sawda tarawınıń jónelisler boyınsha bólistiriwi tómendegishe:

- avtomobil hám motocikller sawdasınan tısqarı usaqlap satıw baǵdarı 64,8 % úlesti quraǵan bolıp, 2023-jıldıń sáykes dáwiri menen salıstırılǵanda ósiw páti 110,8 %ti quradı ;
- avtomobil hám motocikller sawdasınan tısqarı kótere sawda baǵdarında 24,8 % úlesti qurap, ósiw páti 120,0 %ti quradı;
- avtomobil hám motocikllerdiń kótere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı remontlaw baǵdarında 10,4 % úleske tuwrı kelip, ósiw páti 122,5 % ti quradı.



**Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler tarawında hárekettegi kárxana hám shólkemler haqqında maǵlıwmatlar**

*2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte*

**Rayonlar kesiminde**

| | |
|---|---|
| Nókis q. | 194 |
| Ámıwdárya | 38 |
| Beruniy | 35 |
| Bozataw | 1 |
| Qaraózek | 5 |
| Kegeyli | 14 |
| Qońırat | 34 |
| Qanlıkól | 5 |
| Moynaq | 5 |
| Nókis | 14 |
| Taqıyatas | 17 |
| Taxtakópir | 7 |
| Tórtkól | 33 |
| Xojeli | 31 |
| Shımbay | 17 |
| Shomanay | 4 |
| Ellikqala | 35 |




Den sawlıqtı saqlaw hám social xızmetler tarawında hárekettegi jámi kárxana hám shólkemlerdiń– 412 yamasa 84,3 % úlesi isbilermenlik subyektleri úlesine tuwrı kelgen.

Jónelisler boyınsha analiz sonı kórsetedi:

95,3 % kárxanalar den sawlıqtı saqlaw baǵdarına tuwrı kelip, ósiw páti 2023- jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda 108,8 %ti quradı ;

Jasaw ushın jay menen támiyinlengen halda sociallıq xızmetler kórsetiw baǵdarındaǵı kárxanalar sanı 3,1 % ke tuwrı kelip, ósiw páti 88,2 %ti quradı ;

Jasaw ushın jay menen támiyinlenbegen halda social xızmetler kórsetiw baǵdarındaǵı kárxanalar sanı bul tarawdıń 1,6 payızın qurap, ósiw páti 100,0 % ti quradı.



**Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawında hárekettegi kárxana hám shólkemler haqqında maǵlıwmatlar**

*2024- jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte*

## Rayonlar kesiminde

| | |
|---|---|
| Nókis q. | 383 |
| Ámiwdárya | 155 |
| Beruniy | 100 |
| Bozataw | 13 |
| Qaraózek | 36 |
| Kegeyli | 42 |
| Qońırat | 115 |
| Qanlıkól | 31 |
| Moynaq | 35 |
| Nókis | 20 |
| Taqıyatas | 29 |
| Taxtakópir | 15 |
| Tórtkúl | 129 |
| Xojeli | 57 |
| Shımbay | 50 |
| Shomanay | 21 |
| Ellikqala | 111 |




2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawında hárekettegi kárxanalar ósiw páti 2020-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 116,1 % ti quradı. Bul xızmetler tarawı analizi sonı kórsetedi:

- mıymanxanalar, turistlik dem alıw orınlar, dem alıw hám kewil ashar parkler jasaw boyınsha xızmetler baǵdarınıń tiykarǵı iskerligi esaplanıp, 2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler salasında iskerlik kórsetip atırǵan kárxana hám shólkemlerdiń 6,9 % úlesin quradı ;

- restoran hám buyırtpa boyınsha azıq-awqat hám awqat ónimlerin jetkiziw, azıq-awqat hám ishimlikler jetkiziw boyınsha xızmetler baǵdarınıń tiykarı esaplanıp, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler salasınıń 93,1 % úlesin quradı.



## Hárekettegi kishi biznes subyektleri haqqında maǵlıwmatlar

*2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte*







### Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha

jámine salıstırǵanda úlesi




Rayonlar kesiminde eń kóp kishi biznes subyektleri Nókis qalasında (25,7 %), Tórtkúl (10,9 %), Beruniy (8,2 %), Ámiwdárya (8,5 %) hám Ellikqala (7,1 %) rayonlarında iskerlik kórsetip atır. Bul aymaqlarda jámi kishi biznes subyektleri sanınıń 50 % ten artıǵı háreket etip atır.

**Hárekettegi shańaraqlıq kárxanalar haqqında maǵlıwmat**
*2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte*




**Shańaraqlıq kárxana** - onıń qatnasıwshıları tárepinen tovarlar islep shıǵarıw (jumıslar orınlaw, xızmetler kórsetiw) hám realizaciya qılıwdı ámelge asırıw ushın qálegen tiykarda, shańaraq kárxana qatnasıwshılarınıń úlesli yamasa birgeliktegi múlkinde bolǵan ulıwma mal-múlk, sonıń menen birge, shańaraq kárxana qatnasıwshılarınan hár birewiniń mal-múlki negizinde shólkemlestiriletuǵın kishi isbilermenlik subyekti bolıp tabıladı.

Yuridikalıq shaxs retinde mámleket diziminen ótip, hárekettegi shańaraqqa tiyisli kárxanalar sanı 2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar 2023-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 158 kóbeygenligin kóriwimiz múmkin.

## Rayonlar kesiminde

| | | | |
|---|---|---|---|
| Nókis q. | 305 | Nókis | 60 |
| Ámiwdárya | 295 | Taqıyatas | 86 |
| Beruniy | 161 | Taxtakópir | 64 |
| Bozataw | 10 | Tórtkúl | 501 |
| Qaraózek | 23 | Xojeli | 115 |
| Kegeyli | 22 | Shimbay | 17 |
| Qońırat | 105 | Shomanay | 26 |
| Qanlıkól | 114 | Ellikqala | 200 |
| Moynoq | 30 | | |

## Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetler haqqında maǵlıwmat

*2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte*




**Juwapkershiligi sheklengen jámiyeti** - bir yamasa bir neshe shaxs tárepinen shólkemlestirilgen, ustav fondı (ustav kapitalı) shólkemlestiriw hújjetleri menen belgilengen muǵdarda úleslerge bólingen xojalıq jámiyeti esaplanadı. Juwapkershiligi sheklengen jámiyettiń qatnasıwshıları onıń minnetlemeleri boyınsha juwapker bolmaydı hám jámiyet iskerligi menen baylanıslı zıyanlar ushın ózleri qosqan úlesleri sheńberinde juwapker boladı.

2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar iskerlik kórsetip atırǵan 21 350 kommerciyalıq kárxana hám shólkemleriniń 16 574 juwapkerligi sheklengen jámiyetler úlesine tuwrı keledi. Usı jámiyetler mámleketimizde isbilermenlik iskerliginiń eń keń tarqalǵan forması esaplanadı.

### Rayonlar kesiminde

| | | | |
|---|---|---|---|
| Nókis q. | 4 642 | Nókis | 696 |
| Ámiwdárya | 1 388 | Taqıyatas | 436 |
| Beruniy | 1 343 | Taxtakópir | 277 |
| Bozataw | 291 | Tórtkúl | 1 597 |
| Qaraózek | 537 | Xojeli | 889 |
| Kegeyli | 582 | Shımbay | 816 |
| Qońırat | 976 | Shomanay | 306 |
| Qanlıkól | 331 | Ellikqala | 959 |
| Moynaq | 508 | | |

## Hárekettegi jeke kárxanalar haqqında maǵlıwmat

*(2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte)*




**Jeke kárxana** - mal-múlki birden-bir fizikalıq shaxs tárepinen dúzilgen hám basqarılatuǵın kommerciyalıq shólkem dep tán alıw etiledi. Jeke kárxana isbilermenlik subyektleriniń shólkemlestirilgen-huqıqıy forması bolıp tabıladı.

2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, iskerlik kórsetip atırǵan jeke kárxanalar sanı ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 94,6 payızdı quradı.

### Rayonlar kesiminde

| | | | |
|---|---|---|---|
| Nókis q. | 499 | Nókis | 31 |
| Ámiwdárya | 109 | Taqıyatas | 110 |
| Beruniy | 198 | Taxtakópir | 65 |
| Bozataw | 8 | Tórtkúl | 198 |
| Qaraózek | 45 | Xojeli | 91 |
| Kegeyli | 49 | Shımbay | 84 |
| Qońırat | 186 | Shomanay | 105 |
| Qanlıkól | 83 | Ellikqala | 334 |
| Moynaq | 46 | | |

**Hárekettegi shet el kapital qatnasıwındaǵı kárxana hám shólkemler haqqında maǵlıwmat**
*(2024-jıl 1-aprel jaǵdayına tiykar, birlikte)*




**Shet el kapital qatnasıwındaǵı kárxanalar** – kárxananıń ustav fondında rezidentler emes, sırt el yuridikalıq shaxsları (sırt el firmalarınıń filial hám bólimleri), sırt el puqaraları hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar múlki qatnasıwındaǵı kárxanalar esaplanadı.

Keyingi bes jılda shet el kapital qatnasıwında iskerlik kórsetip atırǵan kárxanalar sanı 160 tan 173 ke yaǵnıy 108,1 % ke astı.

## Rayonlar kesiminde

| | | | |
|---|---|---|---|
| Nókis q. | 39 | Nókis | 8 |
| Ámiwdárya | 4 | Taqıyatas | 7 |
| Beruniy | 5 | Taxtakópir | 4 |
| Bozataw | 7 | Tórtkól | 11 |
| Qaraózek | 8 | Xojeli | 8 |
| Kegeyli | 8 | Shımbay | 3 |
| Qońırat | 15 | Shomanay | 2 |
| Qanlıkól | 7 | Ellikqala | 4 |
| Moynaq | 33 | | |

**Mámleketler kesiminde hárekettegi shet el kapital qatnasıwındağı kárxanalar haqqında mağlıwmat**

*(2024-jıl 1-aprel  jağdayına  tiykar, birlikte)*




Ózbekstannıń jańa sırtqı siyasatın tiykarğı qásiyetleri bul ashıqlıq, uzaq múddetli turaqlı rawajlanıwdıń ústin turatuğın bağdarlarına itibar beriw, qońsılas mámleketlikler menen jaqsı qońsılaslıq munasábetlerin bekkemlew, xalıqaralıq sheriklikti biyğárez tiykarda keńeytiw bolıp tabıladı.

Bunıń nátiyjesinde, búgingi kúnde Ózbekstan ekonomikasınıń túrli tarmaqlarında isbilermenlik iskerligin júrgiziw hám investiciyalardı tartıw ushın zárúr bolğan ishki sharayatlardı jaratıw processin xoshametlewge qaratılğan izbe-iz reformalar ámelge asırılıp atırğanı gúzetilip atır.

Sonıń menen birge, shet el kapital qatnasıwındağı iskerlik kórsetip atırğan kárxanalardan 80 i qospa kárxanalar, 93 i bolsa shet el kárxanalar esabına tuwrı keldi.



**Aymaqlar kesiminde shet el kapital qatnasıwındağı iskerlik kórsetip atırğan kárxanalar sanı**
*(2024-yil 1-aprel jaǵdayına, birlikte)*

| | Jámi | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Qospa kárxana | shet el qatnasındağı kárxanalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **173** | **80** | **93** |
| Nókis q. | 39 | 16 | 23 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 4 | 2 | 2 |
| Beruniy | 5 | 2 | 3 |
| Bozataw | 7 | 6 | 1 |
| Qaraózek | 8 | 5 | 3 |
| Kegeyli | 8 | 5 | 3 |
| Qońırat | 15 | 8 | 7 |
| Qanlıkól | 7 | 3 | 4 |
| Moynaq | 33 | 16 | 17 |
| Nókis | 8 | 2 | 6 |
| Taqıyatas | 7 | 1 | 6 |
| Taxtakópir | 4 | 1 | 3 |
| Tórtkúl | 11 | 6 | 5 |
| Xojeli | 8 | 4 | 4 |
| Shımbay | 3 | 2 | 1 |
| Shomanay | 2 | | 2 |
| Ellikqala | 4 | 1 | 3 |

Hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi Nókis qalasında 39 (jámi sanına úlesi 22,5 %), Moynaq 33 (19,1 %), Qońırat 15 (8,7%),Tórtkúl 11 (6,3 %), Kegeyli, Qaraózek hám Nókis rayonında 8 (4,6%), Qanlıkól, Taqıyatas hám Bozataw 7 (4,0%) hámde Beruniy rayonında 5 (2,8 %) tuwrı keledi.

## Statistikalıq kórsetkishlerge túsindirmeler

**Kárxana hám shólkemlerdiń birden-bir mámleketlik registri** - real waqıt rejiminde jańalap barılatuǵın maǵlıwmatlardan ibarat bolǵan informacion-maǵlıwmatnama kórinisindegi avtomatlastırılǵan sistema esaplanıp, birden-bir klassifikaciyalar sisteması tiykarında kárxanalar hám shólkemlerdiń mámleket esabın hám olardı identifikaciyalawdı támiyinleydi.

**Dizimge alınǵan kárxana hám shólkemler**- dizimnen ótkeriw organları tárepinen belgilengen tártipte mámleket diziminen ótkerilgen hámde yuridikalıq shaxslardıń mámleketlik reestrinde bar bolǵan yuridikalıq shaxslar (saplastırılǵan yuridikalıq shaxslardan tısqarı).

**Hárekettegi kárxana hám shólkemler -** dizimnen ótkeriw shólkemleri tárepinen belgilengen tártipte mámleket diziminen ótkerilgen hámde qarjı-xojalıq iskerligin ámelge asırmay atırǵanlıǵı yamasa saplastırıw aldında ekenligi haqqındaǵı maǵlıwmat kelip túspegen yuridikalıq shaxslar.

**Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler** - dizimnen ótkeriw shólkemleri tárepinen belgilengen tártipte yuridikalıq shaxslardıń mámleket reestrine tazadan kiritilgen yuridikalıq shaxslar.

**Kishi kárxana hám mikrofirmalar** Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2016-jıl 24-avgusttaǵı “Ekonomikalıq iskerlik túrlerin klassifikaciyalawdıń xalıqaralıq sistemasına ótiw ilajları haqqında”ǵı 275-sanlı qararınıń 1-qosımshasına muwapıq, kishi isbilermenlik subyektlerine tiyisli bolǵan kárxanalar hám shólkemler.